

Senk fason pou pwoteje biling ou kont dife



Kit ou se yon pwopriyetè oswa lokatè, asire w ke ou konnen règ sekirite sa yo:




1. Pòt ki Fèmen Poukont yo

Tout biling rezidansyèl ki gen twa apatman oswa plis dwe gen pòt ki fèmen poukont yo. Asire w ke pòt apatman an ouvri andedan san kle epi li pa gen okenn obstak.




4. Sòti klè epi san obstak

Sòti yo dwe klè ak obstak sou eskalye sekou yo, nan koulwa ak nan tout pòt antre biling nan, ki gen ladan pòt do kay la. Se sèlman pòtay sekirite yo apwouve ki louvri san yon kle ki ka enstale sou fenèt eskalye sekou yo oswa sòti nan nivo segondè.



2. Alam Lafimen

Pwopriyetè yo dwe bay ak enstale detektè lafimen. Lokatè a ta dwe antretni detektè yo, tankou tès ak ranplase pil yo.



5. Kouvèti Bouton Recho yo

Pwopriyetè kay yo dwe bay kouvèti bouton recho pou recho a gaz lè yo konnen oswa li rezonab pou yo ta konnen ke yon timoun ki pokon 6 lane abite la. Yo dwe bay kouvèti bouton recho yo tou, pou nenpòt kay ki mande yo.



3. Plan Eskalye Sekou

Pwopriyetè yo dwe afiche plan yo andedan chak pòt apatman yo, nan zòn frekante yo, epi distribye yo nan chak apatman, bay nouvo lokatè yo, epi chak ane pandan semèn prevansyon dife a.

Plis Konsèy pou Lokatè:

Kontakte pwopriyetè biling ou an si pòt devan ou an pa fèmen poukont li, si ou pa gen yon detektè lafimen k ap mache, si obstak bloke sòti ki pa pou ou a, oswa si ou pa gen kouvèti manèt recho ou bezwen an.

Si pwoblèm nan pa korije, ou ka anrejistre yon plent nan 311.

Epi sonje: li ilegal pou enstale pòt fenèt ki fèmen sou eskalye sekou ak kadna doub silenn.